

---

# Reyinyon Komite Siveyans Plan Prensipal Stratejik Roxbury

13 Septanm 2021

**1. RSMPOC**

**Byenvini ak Oryantasyon**

# Anrejistreman Reyinyon

---

Sou demann manm yo nan kominote a, aktivite sa pral anrejistre sou paj entènèt Plan Prensipal Stratejik Roxbury nan [bit.ly/theRSMPOC](https://bit.ly/theRSMPOC) pou sila yo ki pa anmezi pou patisipe nan aktivite andirèk Zoom.


Egalman, li posib ke patisipan yo kapab anrejistre reyinyon an avèk telefòn kamera oswa lòt aparèy yo. Si ou pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri fèmen mikwofòn ak kamera w.

Si kamera ak mikwofòn ou dezaktive, ou ka toujou patisipe atravè fonksyon chat pa tèks.

# Entèpretasyon ak Tradiksyon



“Panyòl” – pou Panyòl  
“Kreyòl Ayisyen” – pou Ayisyen  
“Angle” – pou Angle




# Konsèy sou Zoom

Byenveni! Men kèk konsèy sou fason pou itilize Zoom pou itilizatè premye fwa. Kontwòl ou yo anba ekran



Itilize chat la pou tape yon kòmantè oswa mande yon kesyon a nenpòt kilè  
-Manm yo nan RSMPOC/ BPDA ap modere chat la



Pou leve men w, klike sou "Patisipan" anba ekran w lan, e apreswa chwazi opsyon "Leve Men" nan kazyè patisipan an, oswa peze \*9 sou telefòn



Silans/reyaktive – Patisipan yo ap rete an silans pandan prezantasyon an – prezantatè a pral reyaktive w pandan diskisyon an si ou leve men w e se moman pa w pou pale. Pou silans/reyaktive sou telefòn ou peze\*6.



Aktive/dezaktive videyo w

# Pwotokòl Zoom

---

Nou vle asire ke konvèsasyon an se yon eksperyans agreyab pou tout patisipan yo.

- Tanpri rete an silans jiskaske yo rele w. Si ou ta renmen pale pandan tan sa a tanpri itilize fonksyon “Leve men” nan Zoom kidonk yon moderatè BPDA kapab reyaktifè son patisipan yo.
- Tanpri respekte tan chak moun.
- Nou mande pou patisipan yo limite kesyon yo kidonk lòt moun kapab patisipe nan diskisyon an. Si ou gen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske tout lòt moun kap patisipe yo gen yon opòtinite pou poze kesyon.
- Si nou pa anmezi pou reponn kesyon w nan reyinyon sa a tanpri mete yo nan Chat la nan fen an oswa imèl [Kelly.sherman@boston.gov](mailto:Kelly.sherman@boston.gov)

# Pwogram

---

- 1. Byenvini RSMPOC**
- 2. Mizajou Planifikasyon**
- 3. Prezantasyon Devlopè**

# Prezantasyon ak Mizajou RSMPOC

---

## *Premye Lendi nan Mwa*

11 Janvyè 2021

12 Jiyè 2021

1ye Fevriye 2021

**\*\*Pa gen reyinyon nan mwa Out\*\***

1ye Mas 2021

**13 Septanm 2021**

5 Avril 2021

4 Oktòb 2021

3 Me 2021

1ye Novanm 2021

7 Jen 2021

**\*\* Pa gen reyinyon nan mwa Desanm\*\***



# Responsablite RSMPOC

---

- Komite Siveyans Plan Prensipal Roxbury (RSMPOC) te kreye nan 2004 alaswit yon Plan Prensipal Estratejik Roxbury (RSMP).
- RSMPOC reprezante lajman katye Roxbury e li gen ladan Majistra ki nonmen yo, nonmen pa eli ofisyèl yo, asosyasyon katye, ak òganizasyon kominotè yo.
- RSMPOC sipèvize enplemantasyon Plan Prensipal Estratejik Roxbury ak PLAN: Nubian Square.

# Antre. Angaje. Pran Aksyon.

---

- **Antre:** Antre nan Komite Siveyans Plan Prensipal Estratejik Roxbury, ak/oswa yon Komite Revizyon Pwojè (PRC).
- **Angaje:** Patisipe nan reyinyon piblik yo. Mande kesyon. Envite vwazen yo, gwoup sivik Roxbury ak òganizasyon yo, biznis, pwopriyete adjasan oswa lòt kominote afilye nan reyinyon piblik yo.
- **Pran Aksyon:** Revize aksyon ak kòmante sou pwojè yo, devlopman, ak inisyativ planifikasyon.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon kap vini yo, pwojè devlopman ak kijan pou patisipe, vizite [bit.ly/theRSMPOC](https://bit.ly/theRSMPOC)



# Objektif Plan Prensipal Orijinal 2004

---

- Amelyore **Kilti lavi & sivik** nan katye a
- Ankouraje **kwasans divès & dirabilite** avèk djòb pou rezidan lokal yo
- Asire **transpòtasyon prive piblik nan yon fason ki ansekirite & pratik**
- Elaji & amelyore **lojman pou yon varyete** laj ak gwoup sosyo-ekonomik
- Kreye yon **domèn piblik konfòtab, antouzyas, ak ansekirite** ki montre divèsite rezidan lokal yo
- Amelyore **patisipasyon kominotè** ak **otonomizasyon** komite yo grasa a yon responsablite kwasan gouvènman, ak enstitisyon ak biznis yo

## **2. Mizajou sou Planifikasyon**

# PLAN: Nubian Square Process to Date



# Demann pou Pwopozisyon P-3

---

RFP a baze sou **sis mwa** atelye travay piblik ak lòt angajman avèk itilizasyon adjasan (Lekòl Piblik Boston, Parks, Legliz Good Shepherd, elatriye.)

- **Atelye Travay 1ye Fevriye:** Pou konprann kondisyon yo ki egziste deja, kijan nou ka planifye avèk sit la, epi idantifye potansyèl itilizasyon pou sit la nan kontèks Nubian Square.
- **Atelye Travay 2 Mas:** Diskite sou potansyèl dispozisyon sit la, itilizasyon, opòtinite, ak difikilte.
- **Atelye Travay 3 Avril:** Diskite sou konsiderasyon konsepsyon iben
- **Me:** Konferans Sansibilizasyon Diferan Devlopè, an patenarya avèk Kowalisyon Konstriktè Koulè
- **Atelye Travay 4 Jen:** Revizyon sou itilizasyon, opòtinite, ak difikilte.
- **Atelye Travay 5 Out:** Prezante plan RFP pou kòmantè
- **23 Out Pale avèk yon Planifikatè:** Opòtinite enfòmèl pou diskite sou RFP epi jwenn kòmantè
- **RSMPOC Septanm:** Prezante P3 RFP pou yon vòt

# Demann pou Pwopozisyon P-3

---

Pwen kle nan atelye travay ak kòmantè yo:

- Sit sa a gen gwo potansyèl pou afekte pozitivman zòn Nubian Square. Li ta dwe itilize pou lojman, espas lib, espas komèsyal, ak laboratwa ak syans lavi.
- Sit la ta dwe itilize pou ede kreye jenerasyon richès pou rezidan Roxbury yo. Pou konprann ki itilizasyon sit la pral pèmèt nou reyalize sa a, nou bezwen konnen plis sou rezidan yo ki abite nan zòn anviwonman konstriksyon ki egziste deja.
- Avèk sit la ki toupre yon kantite lekòl, ta dwe gen opòtinite pou kolaborasyon ant Madison Park, John D. O' Bryant, ak lòt enstitisyon yo nan zòn lan.
- Espas vè nesèsè sou sit sa a. Nouvo espas vè ki te kreye ta dwe makonnen avèk konesyon vè ki egziste deja toupatou nan katye a.
- Nou ta dwe kreye tou richès pou kominote a lè nou bay biznis lokal, minorite, ak sa fanm posede opòtinite pou patisipe kòm devlopè yo.

# Demann pou Pwopozisyon P-3

---

## Objektif:

“BPDA ap chèche transmèt Pwopriyete a pou pèmèt **yon devlopman a itilizasyon miks** ki pral reyalize potansyèl pou **devlopman ekonomik transfòmativ** nan zòn Nubian Square pandan lap avanse **angajman kominotè pou lojman a bon mache, ar & kilti, ak ekite.**

RFP sa ap chèche pwopozisyon ki pral **kreye opòtinite pou kreyasyon richès** pou rezidan Roxbury ansanm avèk **ti konpayi lokal, minorite posede, ak sa fanm posede** sa ki kapab patisipe nan devlopman.”



# Demann pou Pwopozisyon P-3

---

## RFP la devlope otou Plan: Objektif Devlopman Nubian Square. . .

- **Konsistan avèk istwa planifikasyon zòn nan:** Plan Prensipal Estratejik Roxbury, Vizyon Dudley, Distri Kiltirèl. Devlopman kòm yon katalis pou ankouraje ar, kilti, edikasyon, antrepriz komèsyal ak andetay.
- **Lojman a bon mache:** Detyè nan inite lojman yo dwe lojman a bon mache a revni limite.
- **Devlopman Dirab, rezistans ak sen :** Egzanplifye objektif Vil la pou dirabilite, rezistans ak nouvo konstriksyon solid; sible enèji nèt zewo oswa pèfòmans kabòn nèt zewo.
- **Devlopman san depasman :** Ede rezidan aktyèl yo nan Roxbury pou yo ka kontinye viv nan kominote yo ak pou yo jwenn chemen pou opòtinite ekonomik.
- **Estanda bon travay :** Sipòte bon travay pèmaman sou sit la epi angaje nan pratik anbochaj ekitab sa ki pral sipòte patisipasyon moun Roxbury ak Nubian Square.
- **Devlopman Ekonomik :** Pwopoze itilizasyon miks ki dwe kontribye nan objektif kominote a nan kreyasyon richès, devlopman mendèv, ak kwasans ekonomik pou rezidan Roxbury yo.
- **Divèsite ak Enklizyon :** BPDA a prevwa pwopozisyon ki pral gen ladan patisipasyon ekonomik enpòtan ak jesyon wòl yo pa moun koulè, fanm, ak M/WBE yo nan anpil aspè pwojè a si posib.

# Demann pou Pwopozisyon P-3

---

... e nou te ranfòse yo baze sou priyorite yo nan kominote a.

**Devlopman Ekonomik:** Pwomotè yo dwe demontre kijan itilizasyon miks pwopoze a pral kontribye nan objektif kreyasyon richès kominote a, devlopman mendèv, ak kwasans ekonomik pou rezidan Roxbury yo. Sa a ka gen ladann:

- Sibvansyon kwaze nan pwopòsyon to mache pwojè a pou sipòte **pwopriyete a bon mache** ak/oswa espas andetay ak komèsyal a bon mache.
- Pwopozisyon avèk **itilizasyon komèsyal** dwe ankouraje fòmasyon travay, biznis lokal ak kreyasyon travay, avèk anfas spesyal sou opòtinite pou ti biznis lokal ak sa ki defavorize yo ak kreyasyon travay ak fòmasyon pou moun koulè ak fanm.
- Pwopozisyon avèk **itilizasyon laboratwa/syans lavi** dwe gen laan fòmasyon travay solid ki kreye yon liy travay klè ak reyalizab pou rezidan Roxbury yo. Kalite pwogram sa yo ka gen ladan patenarya avèk Lekòl Teknik Vokasyonèl Madison Park, Lekòl Matematik ak Syans John D. O'Bryant, Enstiti Teknoloji Benjamin Franklin, ak Enstiti Teknoloji Wentworth.

# Demann pou Pwopozisyon P-3

---

... e nou te ranfòse yo baze sou priyorite yo nan kominote a.

## Divèsite ak Enklizyon :




- **Estrikti RFP:** Baze sou kòmantè devlopè lokal yo, nou ankouraje anpil soumisyon nan patenarya sa ki pral gen ladan yon antite devlopè prensipal ak ko-devlopè ki santre sou chak pati pasèl la.
- **Rezo ak Patenarya:** Nou kenbe yon lis devlopè ak lòt biznis yo ki te eksprime enterè nan patenarya yo. Nou pral bay opòtinite rezo nan konferans pwopozisyon-alavans. Nou te korije kritè evalyasyon “Eksperyans Ekip Devlopè” pou mete anfas ou kapasite tout ekip la pou egzekite pwojè a jan li prezante.
- **Resous Finansman:** RFP a pral enkli yon lis resous finansman piblik. Kowalisyon Konstriktè Koulè konpile tou yon lis finansè prive avèk pwogram ki sipòte ti devlopè yo.
- **Pi bon Pratik:** Anèks RFP la pral gen ladan yon lis nan pi bon pratik ki souvan mennen nan ekip devlopman ki pi divès, yon egzanp nan Plan Enklizyon ak Divèsite solid nan soumisyon presedan RFP ki reyisi yo.

# Demann pou Pwopozisyon P-3

## Kondisyon Konsepsyon Urban ki sou kote yo




Existing Street & Underground Utility Lines

-  Vernon Street
-  Hampshire Street
-  Major Sewer Line (4'-6" x 6' Brick)









# Demann pou Pwopozisyon P-3

## Vernon-Hampshire Sikilasyon



**Traffic Circulations**






-  Main Vernon-Hampshire Circulation
-  Potential Extension of Hampshire St.
-  Secondary Vernon-Hampshire Circulation
-  Downing St Improvement
-  Travel Direction
-  Potential New Traffic Signal & Left-Turning to and from P3

# Demann pou Pwopozisyon P-3

## Green Koridò ak Pyeton ne



### Open Space & Pedestrian Connectivity

-  Main Whittier St Green Corridor
-  Hampshire St Green Connection
-  Ped. Connection & Activity
-  Whittier St Open Space Opportunity
-  Pedestrian Node



# Demann pou Pwopozisyon P-3

## Itilizasyon




### Development Framework

- Commercial / Lab
- Commercial / Office
- Residential Mid to High-rise
- Residential Low-rise / Town-homes

# Demann pou Pwopozisyon P-3

## Wotè kontèks...




### Development Framework

- Taller Height  
120 ft. to 150 ft.
- Mid to Taller Height  
70 ft. to 120 ft.
- Mid to Low Height  
60 ft. to 40 ft.



# Demann pou Pwopozisyon P-3

## Wotè & Mas



- Itilizasyon Miks
- Apeprè. 4.5 FAR
- 55% Kouvèti teren
- 20,000 pye kare. Park nan Tremont ak Whittier
- Amelyorasyon nan Vernon, Hampshire & Downing Streets

# Demann pou Pwopozisyon P-3

---

## Pwochen Etap yo:

- **Aswè:** RSMPOC vote pou apwouve P-3 RFP a
- **Demen:** Aplikasyon yo ouvè pou Komite Revizyon Pwojè P-3
- **24 Septanm:** Fèmen Peryòd Kòmantè pou P-3 RFP
- **29 Septanm:** Aktivite Koneksyon Ekip Devlopman. Enskri nan <https://bit.ly/P3NetworkingSept2021>
- **14 Oktòb : Konsèy** BPDA vote pou pibliye P-3 RFP
- **27 Oktòb :** P-3 RFP pibliye (dat pwovizwa)
- **2022:** Pwosesis koleksyon kòmanse

**Kesyon / Kòmantè soti nan RSMPOC**

**Kesyon / Kòmantè nan kominote a**

**RSMPOC Vote**

# RSMPOC Vote

---

- Catherine Hardaway
- Charlotte Nelson
- Dorothea Jones
- Frank Williams
- Frederick Fairfield
- Lorraine Payne Wheeler
- Marisa Luse
- Nefertiti Lawrence
- Norman Stembridge
- Steven Godfrey
- Sue Sullivan
- True-See Allah
- Valeda Britton

# October RSMPOC Meeting

---

- **Oct 4: PRC will make a recommendation to the RSMPOC for the Crescent Parcel Developer Designation**

# Appendix



# Tablet/Phone Screenshot

